

*Yon Gid pou Paran ki va
ede Paran pale ak ptit-yo*

Koman pou Prepare w pou dezyèm ane trajedi ki te frape nan lekòl Marjory Stoneman Douglas High School



Jounen Sévis epi Amou 2/14

#2getherInServiceandLove

Dezan apre trajedi a, ki reyakson nou ka atann aske timoun-nou genyen?

- Pifò timoun ak adilt kontinye ap reyaji a trajedi ki te frape sa fè déjà preske dezan. Yo bay aparans "lavi yo nòmal" koulyea men tanzantan timoun ak adilt sila santi yo tris, pè, enkyè oswa an kolè.
- Timoun-yo ka pa di paran-yo oswa lòt adilt pafwa yo santi yo boulvèse oswa enkyè; yo anbarase pou yo devwale santiman-yo oubyen yo pa vle kontrarye paran-yo.
- Pataje ak ptit-ou enkyetid ak santiman w sitou pataje jan ou-menm ou konbat santiman negatif.
- Kite ptit-ou kontwole santiman-li - si li gen laperèz, ebyen, kite-li ak laperèz-li, menm si krent-yo pa jistifye. Rasire ptit-ou yon fason awopriye, epitou ede-yo fè fas ak laperèz, tristès epi ak lòt emosyon negatif.
- Envite ptit-ou pale ak ou sou sa ki fè li gen sousi, trakase li. An règ jeneral, li pa bon pou fòse ptit-ou pale (sòf si ou prewwa yon sitiayson kote ptit-ou ka fè tét-li mal oswa lezòt oubyen mete tét-li an danje). Rete disponnib epi la pou ptit-ou, men tann li asepte envitasyon éd-ou.
- Men kék siy detrès pou w chache:
 - Tris, deprime oswa pa gen bon imé
 - Anksyete oswa laperèz
 - Pwooblém atansyon oswa gen pwoblém onivo akademik, ki nouvo oswa ki vin pi mal
 - Chanjman nan konpòtman/kondwit
 - Izole sosyalman oswa vin ranféme; evite zanmi oswa pa patisipe nan aktivite li te renmen
 - Chanjman nan apeti oswa somèy
 - Plenyen ti pwoblém nan kò li tankou santi li fatige, gen maltét, oswa doulé nan vant
 - Aji kòmsi li manke matirite, gen pwoblém antann li ak zanmi oswa lòt manm fanmi li
 - Kòmanse oswa bwè plis; kòmanse pran tabak oswa dwòg oubyen pran plis tabak oswa dwòg
 - Konpòtman a risk
- Nan okazyon dezyèm anivèsé trajedi a, menm timoun ki pa gen twòp difikilte adaptasyon, ka refè menm esperyans-la, gen menm santiman yo te gen diran trajedi a ak/oswa chonje ki santiman yo te gen lè yo aprann lanmò yon zanmi (oswa plizyè zanmi) oubyen manm fanmi.

(Kontinye sou paj swivan)

- Kék timoun ke trajedi a pat afekte ditou kapab ennève de tout atansyon soutni évènman sa pwovoke; kék lòt timoun ki toujou gen difikilte adapte-yo kapab kategorikman refize pale de évènman sa ankò.

- Timoun k ap eseye fè fas ak yon sitiyasyon kriz ki pa gen oken rapò ak évènman sa oswa ki gen nan fanmi li pèt tankou manm fanmi ki pèdi lavi-yo oubyen sibi chòk kapab vilnerab nan jou ak semenn ki va make dezyém annivèsé trajedi a. Si yon sitiyasyon kriz jennere anpil atansyon, pi souvan sa ka fè moun chonje lòt pwoblém yo rankontre nan lavi-yo – kit se lòt évènman nan lepase, defi kontini, oswa enkyetid osijé sitiyasyon kriz ou pèt ki ka rive alavni.

Èske pitit-mwen ta dwe patisipe nan yon évènman oswa pwogram ki komemore lavi moun ki te mouri oswa lavi ki vin chanje yon fason radikal akòz trajedi a oswa ki rekonnèt enpak trajedi a te gen nan kominote-nou?

- Evènman komemoratif ak moniman komemoratif se yon mwayen pou ede timoun-yo kominike epi fè fas ak santiman-yo; otreman timoun-yo fè fas, poukout yo, a yon pwoblém emosyonnèl ki domine-yo.
- Timoun-yo ka fè fas ak santiman-yo, avèk plis siksè, si yo aprann lezòt, tanzantan, kontinye fè esperyans konsekans evènman-an, menm apre dezan te fin pase.
- Adilt pa dwe eseye di timoun-yo sa yo dwe resanti kòm santiman oswa kijan yo dwe kominike santiman-yo. Mande timoun-yo pito jan yo santi yo epi kisa yo panse ki va ede-yo santi-yo mye.
- Reflechi sou fason pitit-ou ka ede lezòt. Moun ka fè fas a yon sitiyasyon kriz si yo pran tan ede lezòt, yo ka menm ofri yon asistans ki pa gen okenn rapò ditou ak trajedi a.
- Kék timoun ka vle make, nan yon fason pèsonnèl epi serye, pasaj yon ane a yon lòt; timoun sila ka chwazi pa mele nan yon gwoup k'ap fè aktivite ki fokis sou komemorasyon an.

- Timoun ak adilt diferan dèské yo ka esprime diferaman souwè-yo epi gen diferan bezwen emosyonnèl nan peryòd komemorasyon an.
- Kék timoun ka pito wè okenn òganizasyon aktivite fòmèl oswa enfòmèl fét. Kék timoun ka menm vin annwiye ak atansyon soutni epi kontini sou yon évènman ki te passe sa fè déjà dezan. Adilt pa dwe fòse timoun oswa pouse-yo pran pa nan okenn aktivite komemorasyon.
- Lè timoun plannifye aktivman epi patisipe nan yon memoryal komemoratif nan kad angajman kominotè lekòl-la, timoun-yo gen kontwòl sou fason yo vle chonje évènman-an epi fè konnen jan evènman sa anpatikilye afekte kominote-yo epi yo-menm.
- Timoun-yo dwe jwe yon wòl aktif nan plannifikasyon komemorasyon évènman pou fè séten évènman-yo apwopriye pou laj-yo epitou satifsfé bezwen emosyonnèl-yo.
- Evènman komemoratif ak aktivite komemoratif dwe senp epi enfòmèl.

Lakay mwen, kisa mwen ka fè pou ede pitit-mwen prepare l pou li konprann pi mye évènman komemoratif k ap dewoule nan lekòl-la oswa nan kominote a?

- Pale ak pitit-ou sou sa ki te passe epi kijan pitit-ou santi l vizavi évènman sa. Pataje ak pitit-ou reyakson ak santiman ou epi kisa ki te ede w plis fè fas epi adapte w. Lakay ou, lontan alavans, chita epi pale ak pitit-ou sou aktivite komemoratif ki va dewoule nan lekòl-la ak nan kominote a. Diskisyon pozitif ou fè ak pitit-ou va ede pitit-ou prepare l pou komemorasyon évènman trajik sa.

- Rasire pitit-ou yon fason pozitif, men pa ofri yon fo santiman sekirite. Si pitit-ou gen bon lide sa ki posib, ede pitit-ou evalye kijan pou li fè fas ak ensétitid epi ensekirite, pase li pretann enkyetid se yon bagay ki pap janm rive.

Fè pitit-ou chonje fason ou-menm, estaf lekòl-la ak lezòt nan kominote a ap fè tout sa ki posib e ki nan pouvwa yo pou kenbe tout timoun an sekirite.

(Kontinye sou paj swivan)

- Pataje enkyetid ou ak yon moun nan lekòl pitit-ou epi fé moun sa konnen esperyans pésonnél/famni an, ki aplikab nan ka sa (tankou pét an vi imenn oswa chòk/twoma). Konsa, lekòl-la ka founi pitit-ou sipò adisyonnel ki vreman efikas.
- Fè lekòl-la konnen si ou kwé pitit-ou pa bezwen patisipe nan inogirasyon yon memoryal oswa nan yon événman komemoratif ki va dewoule nan lekòl-la.

- Konsidere limite tan pitit-ou gade televizyon, lòt medya (Enténét ak medya sosyo ladann tou). Repòtaj yo kouvri événman trajik avék anpil enfòmasyon grafik oswa emosyonnél. Si timoun ki pigran gade nan televizyon repòtaj événman, eseye anrejistre emisyon an epi gade l apre anmenmtan ak timoun-yo; itilize opòtinite sa pou diskite sa yo wè epi kijan sa afekte yo (epi ou-menm). Byen souvan, timoun-yo konsyan de sa granmoun-yo ap gade nan televizyon, moman an byen chwazi pou fémén televizyon an – sa va ede-ou fokis pi mye sou pitit-ou ak bezwen emosyonnél oswa spesifik-li.

Kijan m ap fè konnen si pitit-mwen bezwen plis èd lè m pa kapab ede-li ankò? Ki kote mwen ka ale pou jwenn èd-la?

- Nan okazyon dezyém anivèsé trajedi sa, divès reyakson emosyonnél e boulvésan ka fêt, menm nan pami moun ki an bòn sante mantal.
- Pale ak yon moun andeyò fanmi w pou chache konsèy si sitiyasyon événman trajik sa kontinye afekte epi boulvèse pitit-ou pandan plizyè jou swivi, si nenpòt ti bagay kontrarye, boulvèse oswa enkyete pitit-ou, oswa si pitit-ou gen (plis) pwoblém lekòl, lakay, oswa ak zanmi-li.

- Pale ak yon moun nan lekòl pitit-ou si ou gen enkyetid oswa si ou ta renmen jwenn asistans.
- Pou w jwenn avi ak konsèy pwofesyonnél, ou ka vle pale swa ak pwofesè pitit-ou, yon travayè sosyal, yon konseye nan lekòl-la; pedyat, oswa yon pwofesyonnél swen sante mantal.
- Pa tann jistan ou panse pitit-ou bezwen ale nan seyans konsèy (counseling) - pwofite de sévis counseling ak sipò chak lè ou panse sa va itil.

RESOUS LOKAL

Pou enfòme w sou lòt resous lokal ki disponib, tanpri ale sou sit Broward County Public Schools epi jwenn aksè nan Resous Swen Sante Mantal (*Mental Health Resources*), sou sit browardschools.com/recovery.

BCPS STUDENT SUPPORT INITIATIVES & RECOVERY:

BCPS INISYATIV SIPÒ POU ELÈV & REPRIZ AKTIVITE:

Lekòl piblik Broward County pran angajman sipòtè elèv, pwofesè, epi tout kominote a. Li mete aladispozisyon-yo resous pou ede-yo geri epi rekipere.

Family Counseling Office - Ofis Seyans konsèy ak asistans pou Lafanmi

754-321-1590

MSD Wellness Center - Sant Byennèt MSD

754-322-2266

BCPS Mental Health Portal - BCPS Pòtay Swen Sante Mantal

bcps-mentalhealth.com

SIPÒ KI DISPONIB NAN KOMINOTE A:

Konpoze 2-1-1 BROWARD pou TOUT Sévis

Si gen yon emèjennsi/ijans, rele oswa texte 911

Broward Connection Guide

browardconnections.org

Liy telefòn kote ou ka jwenn èd pou anpeche yon moun tiye tèt-li - *National Suicide Prevention Hotline:*

1-800-273-8255

suicidepreventionlifeline.org

Abi Sibstans & Swen Sante Mantal onivo nasyonnal

Liy telefòn pou asistans: 1-800-662-HELP

Eagles' Haven

954-618-0350 eagleshaven.org



The School Board of Broward County, Florida Lori Alhadeff • Robin Bartleman • Heather P. Brinkworth • Patricia Good • Donna P. Korn • Laurie Rich Levinson Ann Murray • Dr. Rosalind Osgood • Nora Rupert • Robert W. Runcie, Superintendent of Schools

The School Board of Broward County, Florida, entèdi tout regleman oswa pwosedi ki lakòz diskriminasyon sou baz laj, koulépo, andikap, idantite seksyé, espresyon seksyé, enfòmasyon jennetik, eta sivil, nasyonalite, ras, reliyion, séks oswa oryantasyon seksyé. School Board bay Boy Scouts ak lòt gwoup jenn ki deziye akséegal. Moun ki vle pote plent kont diskriminasyon ak/oswa arasnman kapab rele Direktè Equal Educational Opportunities/ADA Compliance Department & KodonatéEkite Distri a/KodonatéTitle IX nan nimewo 754-321-2150 oswa Teletype Machine (TTY) 754-321-2158. Dapre amannman Iwa Americans with Disabilities Act Amendments Act of 2008, (ADAAA), moun andikape ki bezwen akomodasyon ka rele depatman Equal Educational Opportunities/ADA Compliance Department nimewo 754-321-2150 oswa Teletype Machine (TTY) 754-321-2158. browardschools.com

translated by the Bilingual/ESOL Department (02/2020)

BED<HC#292/is/02/2020> Document